

OWAH-OWAHANE KESENIAN REYOG ING DESA KAUMAN JALARAN PANGARIBAWA AJARAN ISLAM TINTINGAN FOLKLOR

Anugrah Putri Juniarti, Dra. Hj. Sri Wahyu Widayati, M.Si.

Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya

email : anu_putri@yahoo.com

Abstrak

Desa Kauman minangka desa kang ana ing Kecamatan Kauman Kabupaten Ponorogo. Desa Kauman minangka Desa kang misuwur amarga akeh paguyuban reyog. Saliyane kuwi, Desa Kauman kang sesandhingan karo Desa Sumoroto minangka papan dumununge kerajaan Wengker ing jaman biyen, mula reyog ing Desa Kauman minangka *harta* kang diuri-uri nganti saiki. akeh paguyuban kang wis ninggalake tradhisi sajrone kesenian reyog, nanging ing Desa Kauman kesenian reyog asli isih diuri-uri nanging ora uwal saka ajaran Islam kang dianut dening mayoritas bebrayan Desa Kauman. Leandhesan mau nuwuhake underan panliten kang gegayutan karo kesenian reyog kasebut.

Bab kang dadi undering panliten, yaiku (1) kepriye gegambarane Desa Kauman, (2) carita mula bukane kesenian reyog, (3) kepriye wujud kesenian Reyog ing Desa Kauman jaman biyen lan saiki, (4) Kepriye tata laku kesenian Reyog ing Desa Kauman jaman biyen lan saiki, (5) Apa wae unsur Islam sajrone kesenian Reyog ing Desa Kauman. Adhedhasar underan panliten kasebut, bisa dimangerteni tujuwane panliten iki yaiku (1) Njlentrehake gegambarane Desa Kauman, (2) Njlentrehake mcarita mula bukane kesenian reyog ponorogo, (3) Njlentrehake wujud kesenian reyog ing Desa Kauman jaman biyen lan saiki biyen lan saiki, (4) Njlentrehake tata lakune kesenian reyog ing Desa Kauman jaman biyen lan saiki, (5) Njlentrehake owah-owahane kesenian reyog ing desa kauman jalaran pangaribawa ajaran islam (tintingan folklor). Dene paedah saka panliten iki yaiku kaajab bisa dadi sumbangsih kanggo piwulangan folklor lan kesenian dhaerah, kanggo nambah kawruh ngenani nilai budaya lan ajaran islam sajrone kesenian reyog ponorogo ing Desa Kauman, kanggo referensi panliten sabanjure kang nliti folklor lan kesenian dhaerah, bisa digunakake minangka koleksi dokumentasi kesenian Reyog kanggo Dinas Kebudayaan dan Pariwisata Kabupaten Ponorogo.

Kanggo nggayuh tujuwan panliten, panliti nggunakake maneka warna teori lan konsep. Kanggo nemtokake kesenian reyog ponorogo ing Desa Kauman digunakake teori folklor andharane Dananjaja. Kanggo ngandharake ngenani owah-owahane nggunake konsep owah-owahane kabudayan dening Koentjaraningrat. Dene kanggo ngudhari ngenani pangaribawane Islam sajrone kesenian reyog ing Desa Kauman digunakake teori Akulturasi dening J. Powel lan konsep ajaran Islam. Konsep makna simbolis Herusatoto kanggo nemtokake makna filosofis sajrone tata laku lan uba rampe ing tradhisi upacara sadurunge pentas Reyog.

Panliten iki nggunakake ancangan *deskriptif kualitatif komparatif*. Teknik ngumpulake dhata kang digunakake yaiku observasi, wawancara, lan dhokumentasi. Tata carane ngolah lan nganalisis dhata yaiku nindakake transkrip dhata, nggolongake lan nyocogake dhata karo panliten, ngandharake dhata adhedhasar undering panliten, lan menahi dudutan saka asile panliten.

Asile panliten iki diperang dadi papat adhedhasar undheran panliten. Kapisan gegmabrane Desa Kauman kang isine ngenani letak geografis, system pamarintahan, cacah pendhudhuk adhedhasar jinis kelamin, agama lan system pangupajiwa. Kaloro, carita ngenani raden batoro katong lan ki ageng kutu sarta carita prabu klana lan dewi songgolangit minangka carita mula bukane kesenian reyog ponorogo kang misuwur ing ponorogo mligine Desa Kauman. Katelu, wujud kesenian reyog ing Desa Kauman jaman biyen dipangaribawani dening agama hindu budha, dene wujud kesenian reyog ing Desa Kauman jaman saiki luwih islami. Kapapat, tata laku sajrone kesenian reyog ing Desa Kauman jaman biyen lan saiki ing perangan tata laku lan ubarampe padha kang mbedakake yaiku niat, samubarang kang dituju lan dongane. Kalima, owah-owahane reyog ing Desa Kauman kang dijalari ajaran Islam ana ing paraga lan pamaragane, piranti kesenian kang digunakake, lan donga.

PURWAKA

Landhesane Panliten

Indonesia minangka negara kang kasusun saka pulo-pulo lan maneka suku mula budaya ing Indonesia kaperang dadi telu yaiku budaya suku utawa budaya daerah, budaya lokal lan budaya nasional (Widayati, 2008:43). *Budaya* lokal minangka budaya kang nuduhake *ciri khas* saka daerah budaya lokal kang

ngrembaka, budaya lokal minangka perangan saka kabudayan suku bangsa kang nduweni ancas umum minangka sarana ngenalake nile-nile luhur bangsa tumrap nom-noman lumantar pendidikan ing lingkungan kulawarga. Dadi kang diarani budaya lokal yaiku budaya utawa asil pamikire manungsa kang tuwuh lan ngrembaka ing dhaerah-dhaerah lan minangka *hak milik* suku-suku bangsa ing papan tartamtu ing Indonesia kang nduweni ancas kanggo

sarana pamulangan nile-nile luhur bangsa tumrap para mudha mudhi.

Salah sijine budaya lokal kang ana ing Indonesia yaiku Kesenian Reyog saka Ponorogo. Kesenian Reyog tuwuh nalika jaman Hindu ing Jawa Wetan, nanging kesenian Reyog kang dikenal dening bebrayan saiki yaiku kesenian Reyog *modern* kang wis owah saka asline nalika jaman Hindu. Reyog asale saka basa Arab (*Riyyuq*), amarga anane pangaribawa saka dialek basa Jawa mula owah dadi tembung Reyog kang tegese *khusnul khotimah* utawa apik pungkasane (Maryaeni, 2005:83). Kesenian Reyog Ponorogo nduweni tujuwan minangka sarana panglipur utawa *hiburan* lan perangan saka upacara (*komunal, individual* utawa kulawarga). Dadi Reyog Ponorogo minangka salah sawijine kabudayan kang awujud kesenian tari nanging paedahe ora saderma kanggo sarana panglipur utawa *hiburan* wae, nanging uga minangka perangan saka upacara tartamtu. Mula ora salah yen Kesenian reyog diarani sawijine kesenian kang sipate sakral, amarga sadurunge mentasake kesenian reyog ponorogo ana upacara-upacara tartamtu kang kudu dilakoni supaya mikolehi berkah lan keslametan.

Desa Kauman minangka desa kang ana ing Kecamatan Kauman Kabupaten Ponorogo. Desa Kauman minangka Desa kang misuwur amarga akeh paguyuban reyog. Saliyane kuwi, Desa Kauman kang sesandhingan karo Desa Sumoroto minangka papan dumununge kerajaan Wengker ing jaman biyen, mula reyog ing Desa Kauman minangka *harta* kang diuri-uri nganti saiki. akeh paguyuban kang wis ninggalake tradhisi sajrone kesenian reyog, nanging ing Desa Kauman kesenian reyog asli isih diuri-uri nanging ora uwal saka ajaran Islam kang dianut dening mayoritas bebrayan Desa Kauman.

Underane Panliten

1) Kepriye gambaran Desa Kauman?, 2) Kepriye crita mula bukane kesenian reyog ponorogo?, 3) Kepriye wujud lan piguna kesenian Reyog ing Desa Kauman jaman biyen lan saiki?, 4) Kepriye tata laku kesenian Reyog ing Desa Kauman jaman biyen lan saiki? 5) Apa wae owah-owahan sajrone kesenian Reyog ing Desa Kauman kang dijalari pangaribawa ajaran Islam?

Ancase Panliten

1) Njlentrehake gambaran Desa Kauman, 2) Njlentrehake mula bukane kesenian reyog ponorogo. 3) Njlentrehake wujud lan piguna kesenian reyog ing Desa Kauman jaman biyen lan saiki. 4) Njlentrehake tata lakune kesenian reyog ing Desa Kauman jaman biyen lan saiki. 5) Njlentrehake owah-owahan sajrone kesenian reyog ing Desa Kauman kang dijalari pangaribawa ajaran Islam.

Paedahe Panliten

Panliten iki diajab bida dadi sumbangsih kanggo piwulungan folklor lan kesenian dhaerah, bisa nambah

kawruh ngenani nilai budaya lan ajaran islam sajrone kesenian reyog ponorogo ing Desa Kauman, kanggo referensi panliten sabanjure kang nliti folklor lan kesenian dhaerah, sarta bisa digunakake minangka koleksi dokumentasi kesenian Reyog kanggo Dinas Kebudayaan dan Pariwisata Kabupaten Ponorogo.

Panjentrehing Tembung

Koentjaraningrat (1989:181) ngandharake tembung kabudayan asale saka basa Sansekerta *buddhaya*, yaiku wujud jamak saka *buddhi* kang tegese budi utawa akal.

Miturut Sela Soemardjan sajrone Prasetya, dkk (2009:34), owah gingsire kabudayan yaiku sakabehe owah-owahan ing pranata-paranata ing masyarakat kang mangaribawani sistem sosial, kalebu nile-nile, sikap, lan pola tumindak antarane kelompok-kelompok ing masyarakat.

Owah-owahane kabudayan bisa amarga *faktor* saka njaba uga *faktor* saka njero. *Faktor* saka njero kayata discovery lan invention. Dene *faktor* saka njaba yaiku bisa saka proses *difusi, akulturasi, lan asimilasi* (Sukarman, 2006:38). Setiadi, Dkk (2010:44) menahi andharan yen ana limang faktor kang njalari owah kabudayan, yaiku : (1) owah lingkungan alam; (2) amarga kontak klawan kelompok liya; (3) amarga anane penemuan (Discovery); (4) amarga sawijine bebrayan utawa bangsa kang ngadopsi saperangan elemen kabudayan material kang wis dikembangake dening bangsa liya ing papan tartamtu; (5) amarga sawijine bangsa ngupaya modifikasi tata uripe kanthi ngadopsi sawijine kawruh utawa kapitayan anyar, utawa amarga anane owah-owahan ing babagan pamawase urip lan konsep ngenani realitas.

Akulturasi yaiku rong kabudayan utawa luwih kang ketemu, banjur ana panampa saka nile-nile kabudayan liyane, nile anyar kasebut banjur *diinkorporasi* sajrone kabudayan anyar (Bakker, 2005:115). Dene J. Powel ngandharake yen akulturasi bisa ditegesi minangka mlebu nile-nile kabudayan njaba ing kabudayan lokal tradhisional, kanggo nggayuh bab kang luwih seimbang (Bakker, 2005:115).

Tembung folklore kasusun saka tembung majemuk ing basa Inggris *folklore*, asale saka tembung *folk* lan *lore*. Folk tegese kolektif, dene *lore* tegese tradhisi kang diwarisake saka sesepuh marang anak turune (Danajaya, 2002:1).

Pigunane folklor miturut Bascom (sajrone Danandjaja, 1986:19) ana papat yaiku, (1) minangka sistem proyeksi, (2) minangka piranti kang dipaugeri pranata lan lembaga kabudayan, (3) minangka piranti pendhidhikan, lan (4) minangka piranti kanggo ngontrol lan ngawasi aturan-aturan bebrayan supaya tetep diugemi (sistem kontrol).

Kesenian asale saka basa sansekerta yaiku *sani* kang tegese sesembahan utawa pamujan kanthi kurmat lan jujur. Miturut E. Kant (sajrone Koentjaraningrat, 2005:19) ngandharake yen ilmu estetika yaiku kabisane

manungsa anggone ngamati kaendahan lingkungan kanthi tratur.

Makna simbolik yaiku sawijine wujud tandha kang digambarake kanthi nduweni karep kang kinandhut, gunane kanggo piwulang utama lan tuntunan manungsa kang sabanjure. Herusatoto (1984:98) ngandharake yen ana telu tumindak simbolise wong Jawa, antarane : (1) tumindak simbolis ing babagan religi; (2) tumindak simbolis sajrone upacara; (3) tumindak simbolis sajrone seni.

Driyana (sajrone Herusanto, 2008:42) ngandharake keyakinan lan kapitayan minangka salah siji bab kang wigati ing panguripane manungsa, saben manungsa nduweni kapitayan kang ora mesthi padha.

Ajaran Islam yaiku sakumpulan pesen utawa amanat ketuhanan kang ditampa dening Nabi Muhammad SAW (571-632 M) kanggo disebarake marang sakabehe manungsa kanggo petunjuk utawa pedoman uripe saka lair nganti mati (Syaltout, 1983:25).

Miturut Syaltout (1983:25) pokok ajaran Islam kaperang dadi loro, yaiku *aqidah* (kapitayan) lan *syari'ah* (kuwajiban beragama minangka konsekuensi amarga percaya). Nanging saperangan ulama merang pokok ajaran Islam dadi telu, yaiku: *iman* (*aqidah*), *Islam* (*syari'ah*), lan *ihsan* (*akhlak*).

Lelandhesan Teori

Lelandhesan teori ing kene ngemot teori kang digunakake kanggo nitingi dhata panliten. Kapisan yaiku teori folklor kang diandharake dening Dananjaja kanggo nitingi wujud kesenian Reyog Ponorogo. Folklor diperang dadi telu, yaiku (1) folklor lisan, (2) folklor setengah lisan, lan (3) folklor dudu lisan.

Kaloro, yaiku konsep ngenani owah-owahane kabudayan dening Koentjaraningrat lan Sukarman, diperang dadi telung tahapan yaiku tahap selektif, adaptif, lan akulturasi. Dene faktor-faktor kang njalari anane owah-owahan, yaiku faktor *intern* kayata discovery lan invention, dene faktor *ekstern* kayata difusi, akulturasi, lan asimilasi.

Katelu, yaiku teori Akulturasi J. Powel kang ngandharake yen akulturasi bisa ditegesi minangka mlebu nile-nile kabudayan njaba ing kabudayan lokal tradhisional, kanggo nggayuh bab kang luwih seimbang.

Kepapat yaiku konsep makna simbolis Herusatoto kanggo nemtokake makna filosofis sajrone tata laku lan uba rampe ing tradhisi upacara sadurunge pentas Reyog.

Konsep ajaran Islam dasar kanggo nitingi unsur utawa ajaran utawa pangaribawa Islam apa wae kang ana sajrone kesenian reyog ing Desa Kauman.

METODHE PANLITEN

Rancangan Panliten

Panliten iki bakal nggunakake pendekatan kualitatif amarga dhata kang digunakake yaiku kanthi nganalisis. Panliten iki bakal nggunakake metode yaiku metode *deskriptif kualitatif komparatif*. Ratna (2013:53) ngandharake yen anggane nganalisis kang ditindakake

kanthi cara njlentrehake kahanan-kahanan kang pancen kedadeyan. Metode iki ora mung njlentrehake ananging uga ngandharake kanthi paham lan ngerti. Panliten iki bisa diarani panliten kualitatif amarga sajrone analisis ora nggunakake analisis statistik. Metode kang cundhuk ing pendekatan kualitatif anggane ngandharake lan nafsirake dhata kang ana sajrone kesenian reyog ing Desa Kauman yaiku metode *deskriptif kualitatif komparatif*.

Panliten iki yaiku panliten kang sipate komparatif. Tembung komparasi asale saka tembung basa Inggris yaiku *comparison* kang tegese tetandhingan (www.wikipedia.com diakses 02 Agustus 2016). Teges saka tembung kasebut nengake yen sajrone panliten iki, panliti nduweni tujuwan nandhingake kahanan kang beda ing papan kang padha, kahanane padha utawa beda lan kahanan endi kang luwih apik.

Sumber Dhata lan Dhata Panliten

Sumber Dhata

Informan ing panliten OKR diperang dadi rong kelompok yaiku informan kunci lan informan biasa. Informan kunci yaiku sawijine narasumber kang nduweni kalungguhan kang wigati lan bisa menehi dhata saakeh-akehe lan jangkep ngenani UISKR. Informan biasa yaiku narasumber kang dadi panyengkuyung, dhata saka informan biasa iki didadekake bahan kanggo nguwatake analisis tumrap panliten iki. Dipilihe rong narasumber nduweni tujuwan supaya bisa ngasilake informasi utawa dhata kang jangkep lan saka maneka persepsi.

Dhata

Sajrone panliten iki dhata panliten kang digunakake yaiku dhata primer lan sekunder. Dhata primer yaiku dhata kang isine fokus ngenani OKR, mligine asil wawan rembug klawan informan kang isine ngenani 1) kepriye gambaran Desa Kauman, 2) kepriye carita mula bukane kesenian reyog ponorogo, 3) kepriye kahanan Reyog Ponorogo ing jaman biyen; (4) kepriye kahanan Reyog Ponorogo ing jaman saiki; (5) kepriye owah-owahane kesenian reyog ing Desa Kauman kang dijalarai pangaribawa ajaran Islam. Banjur, dhata sekunder kang digunakake yaiku dhata barang kang wujud foto, dhokumen kang ana sesambungane klawan panliten OKR.

Instrumen Panliten

Instrumen panliten bisa digolongake dadi instrumen utama lan instrumen panyengkuyung. Instrumen utama sajrone panliten iki yaiku panliti dhewe, dene instrumen panyengkuyunge awujud paugerane wawancara, paugerane *observasi*, *lembar pengamatan*, lan lembar kuesioner. Piranti panyengkuyunge yaiku buku, pulpen, HP, kamera *digital*, lan laptop.

Moleong (2011:168) ngandharake yen manungsa kuwi minangka instrumen panliten kang nduweni gaman kanthi cara luwes bisa digunakake kanggo menehi pambiji marang kahanane sarta bisa didudut kaputusanane dhewe. Sugiyono (2013:222) yen sajrone panliten kualitatif instrumen mligine yaiku panliten dhewe, nanging sabanjure sawise fokus ana ing panliten bakal dadi cetha, mula bakal dikrembakakne instrumen panliten sederhana kang bakal diarepne bisa njangkepi dhata lan mbandhingne dhata.

Tata Cara Nglumpukake Dhata

Panliti nliiti objek panliten kasebut kanthi cara langsung utawa ora langsung. Panliten ngenani OKR ing kene nggunakake teknik observasi, panliti nemoni informan, ngajokake pitakonan-pitakonan marang informan sinambi nyatet ing buku, ngetik asile wawancara, lan nggolongake asile wawancara miturut underane panliten, panliti mara marang klompok Reyog kang bakal tanggapan, moto uba rampe lan tata laku sarta samubarang kang dianggep wigati nganggo kamera *digital* utawa kamera HP, milih sakabehane foto kang salaras karo undering panliten.

Tatacara Analisis Dhata

Panliten iki nggunakake analisis dhata kaya kang diandharake dening Sudikan (2001:80) yaiku 1) *open coding*, tegese panliti kudu nggolek *variasi* dhata saakeh-akeh kang salaras karo panliten kang dilakoni, 2) *axial coding*, tegese ngurutake dhata saka *open coding* mau miturut panggolongane, 3) *selective coding*, tegese panliti nggolongake proses pemeriksaan kategori inti gayutane karo kategori liyane.

Tata cara nganalisis dhata ing panliten iki bisa dijlentrehake kaya mangkene:

- 1) Nindakake transkripsi marang sakabehe dhata asil observasi lan wawancara.
- 2) Nggolongake dhata adhedhasar jinise topik panliten kang bakal dianalisis, yaiku alasan ditindakake tradhisi, tata laku lan uba rampene, makna filosofine, panemune masyarakat, lan owah gingsire tradhisi.
- 3) Nganalisis dhata kang wis digolongake.
- 4) Menehi dudutan adhedhasar asiling analisis.

ANDHARAN ASILE PANLITEN

Pratelane asil panliten yaiku njlentrehane ngenani andharan kang diwawas. Ana ing bab iki bakal dijlentrehake yaiku asile panliten ngenani *Owah-owahane kesenian reyog ing Desa Kauman jalaran pangaribawa ajaran Islam*. Panliten bakal njlentrehake kabeh ngenani perangan-perangan kang diteliti ana ing ngisor iki kanthi cetha lan gamblang.

Gegambaran Desa Kauman Kecamatan Kauman Kabupaten Ponorogo

Desa Kauman yaiku salah sijine desa kang ana ing Kecamatan Kauman Kabupaten Ponorogo. Yen dideleng saka sisi administratif, Desa Kauman dumadi

saka 6 dukuh. Jembar wilayah Desa Kauman yaiku 42,142 hektar. Miturut dhata taun 2015, Desa Kauman nduweni pendhudhuk kang cacahé 6.201 wong kang kasusun saka 1768 KK kanthi jumlah 3.142 wong lanang lan 3.059 wong wadon.

pendidikan akhire masyarakat Desa Kauman paling akeh yaiku tamat SD, cacahé ana 1.553 wong. Nomer loro yaiku pendhudhuk kang lulus SMA sederajat yaiku 1.270 wong. Pendhudhuk kang ora lulus SD uga kalebu lumayan akeh, nanging miturut andharan saka Pak Pranyoto minangka Kepala Desa Kauman ngandharake yen saben taun saya akeh masyarakat kang nerusake pendhidhikan liwat *kejar paket* A,B, lan C, uga akeh lulusan SMA kang saiki isih proses nerusake kuliah.

Pendhudhuk Desa Kauman nduweni sistem pangupajiwa kang maneka warna. Adhedhasar arsip dhata pendhudhuk ing taun 2015, sistem pangupajiwa kang paling akeh yaiku olah tetanen. Bab kasebut lumrah amarga lemah ing Kabupaten Ponorogo mligine Desa Kauman kagolong lemah kang subur lan cundhuk kanggo tetanen.

Mula Bukane Reyog

Akeh cerita kang ngandharake sejarahé Reyog Ponorogo, saora-orane ana 5 versi kang nyaritakake ngenani sejarah tuwuhe kesenian Reyog Ponorogo, nanging sejarah kang luwih misuwur ing kalangane masyarakat Ponorogo yaiku ngenani Ki Ageng Kutu lan Raden Batara Katong lan ngenani Prabu Kelana lan Dewi Sanggalangit.

Carita Ki Ageng Kutu lan Batara Katong nyaritakake upaya Raden Katong nyebarake agama Islam ing Ponorogo, lan ngowahi kesenian reyog ponorogo supaya luwih Islami lan minangka sarana dakwah. Dene carita Prabu Klana lan Dewi Sanggalangit nyaritakake ngenani niat Prabu Klana nglamar Dewi Sanggalangit saka Kediri. Banjur Dewi kasebut ngajokake syarat supaya Prabu Klana nggawe kesenian anyar kang durung ana, banjur tuwuh kesenian reyog ponorogo.

Reyog ing Desa Kauman Jaman Biyen lan Saiki

Reyog minangka salah sijine produk budaya asli Ponorogo, kaya lumrahe produk-produk budaya liyane, Reyog Ponorogo uga ngalami owah-owahan. owah owahan kasebut ana ing maneka perangan, antarane ing jeneng utawa aran, wujud, lakon, paraga, lan pigunane.

1) Jeneng

Jeneng utawa aran yaiku tembung kang digunakake kanggo nyebut samubarang kang katon (Sudaryanto lan Pranowo, 2001:40).

“Yen takon wong-wong tuwa, luwih akeh sing ngarani Singa Barong utawa Barongan. Hla saiki yen didelok saka jenenge Reyog sing diothak-athik mathuke karo tembung saka Arab lek ora salah ki *riyoqun* sing artine kuwi *khusnul khotimah*. La yen dideleng saka

asal katane sing saka basa arab artine ya jeneng Reyog kuwi diwenehake nalika jaman Islam mlebu.” (Wawancara Pak Pranyoto, 13 Juni 2016).

Adhedhasar pethikan ing ndhuwur bisa dimangerteni yen Reyog biyen nalika Jaman pra-Islam isih diarani Singa Barong utawa Barongan. Jeneng Barongan dijupuk saka jeneng paraga utamane yaiku Singo barong. Amarga inti saka tarian Reyog ana ing Singa Barong, manut sejarah Reyog kang sesambungane karo mlebu Islam. Singa barong minangka paraga *sentral* amarga punjere tuwuhe kesenian Reyog yaiku Raja Majapahit kang manut marang garwane. Banjur marang Ki Ageng Kutu digambarake kanthi tokoh Singa Barong. Mula *sentral* ceritane ana ing Singa Baronge.

Sawise Raden Batara Katong ing Ponorogo kanthi nyebarake agama Islam, Reyog kang minangka kesenian asli Ponorogo digunakake minangka sarana ngumpulake *masa* lan sarana *dakwah*. Banjur kesenian Barongan diowahi jenenge dadi Reyog kang asale saka tembung *riyoqun* tegese *khusnul khotimah* maksude senajan sadawane uripe manungsa akeh dosa, yen sadar lan gelem tobat beriman marang Gusti Allah, Gusti Allah bakal njamin kasampurnan, kabecikan minangka wong muslim.

2) Lakon

“Wis akeh owah-owahane Reyog, yen biyen ora ana pakeme, narine manut karepe dhewe-dhewe. Dene saiki wis dibakukan dening pemerintah Kabupaten, paling taun 1994 an kuwi mulai dibakukan. Saka gerakan, paragane, klamine. Ya tujuwane ben luwih gampang nyinaoni, ben pakem, dadi ora bingung karo ben ketok kekhasannya.” (wawancara Pak Pranyoto, 13 Juni 2016).

Reyog ing jaman saiki minangka tarian kang luwih tata yen ditandhake karo Reyog jaman biyen, amarga Reyog saiki wis didandani dening para pamarsudi seni. Reyog kang asale mung kesenian arak-arakan saiki dadi kesenian kanthi alur cerita kang maneka warna manut papan panggone pentas, lan saka segi koreografise uga wis cetha. Urut-urutan metune yaiku Warok, Jathil, Bujangganong, Kelana Sewandana lan paling pungkasan yaiku Singobarong .

3) Wujud lan Paraga

“Nah, ngene mbak. Sejatine warok jaman biyen iku ora mlebu neng kesenian Reyog mbak. Tapi merga warok kan ya termasuk bagian dari Ponorogo lan terkenal, dadi ya malih diikut sertakan. Biyen iku asline Reyog wis jejer, nanging nalika dadi negara warok dilebetaken. iki kaitane karo

sejarah mbak, Reyog iki lak ngenani kerajaan Kediri ta la ponorogo iki asline reh-rehane Kediri, kene biyen kuwi asline alas ora ana pemerintahan apa-apa mbak. Reyog biyen isine mung Singobarong , Jathil karo Ganongan wae. Kaya warok, Klana sewandana kuwi ora ana, tidak masuk dalam tarian. Hla, terus yang namanya jathil itu dulu yang merananke bocah lanang sing bagus-bagus, yang gantheng. Gek Biyen lek ana reyogon utawa Barongan ngono ya wis mesthi akeh sing omben-omben mbak.”(Mbah Misdi, 06 Juni 2016).

Paraga Reyog utawa Barongan biyen luwih prasaja yen ditandhake karo Reyog saiki, yen Reyog biyen mung kasusun saka 3 paraga yaiku Singobarong, Jathil, Bujang Ganong. Dene Reyog ing jaman saiki kasusun saka 5 paraga yaiku Singobarong, Kelana Sewandana, Jathil, Warok, Bujang Ganong (Ganongan).

a. Singa barong

“Pembarong biyen ora angger. Kudu wong sing nduweni wahyu, yen ora nduwe wahyu ngko dhadhak merake ora apik, istilahe tidak hidup. Lek saiki ya wis kabeh uwong sing penting tlaten ya bisa mbak. Sing penting gelem latiyen abot ya bisa dadi pembarong. Ora kudu nduweni wahyu, apa maneh nganggo susuk wis ora oleh mbak. Digunemi kyai biyen kuwi, apa maneh pas Gontor wis lekas gedhe mbak, akeh kyai Gontor sing sering ceramah ngono. Mbahas perkara syirik kuwi njaluk marang barang kang ghaib. Ya suwe-suwe ora ana sing nggunakne susuk ngono kuwi, wong nyatane saiki wong mbarong-mbarong sing enom-enom ya padh ngerti agama ya mondok barang kok.” (Mbah Misdi, 06 Juni 2016).

Saiki reyog Ponorogo mligine Reyog Ponorogo kang ana ing Desa Kauman wis resik saka bab-bab kang sipate mistik. Kakuwatan kang digunakake pembarong kanggo ngangkat dhadhak merak nggunakake untu kuwi dipikolehi saka latiyen rutin lan bertahap. Latiyen kang dilakoni dening para pembarong saiki kaya kang wis diandharake dening informan ing ndhuwur antarane yaiku kanthi cara nyakot timba kang ana isine, bisa banyu utawa watu kang bobote diwiwiti saka kang paling entheng, yen wis biasa lan rumangsa kuwat beban utawa muatan kang an sajrone

timba kasebut banjur ditambah. Kaya ngono sateruse nganti bobot kang padha karo lumrahe dhadhak merak, luwih kurang yaiku 50kg.

b. Jathil

“Biyen gemblak nari Jathil pas Reyogan. Lah kira-kira taun 70-an munggah, gemblak diganti wanita. Kan akeh sing ngira yen gemblak kuwi elek ta mbak, dikira sik ana sing jenenge Warok karo gemblak aneh-aneh. Dadi akeh sing mencaci istilah, jare lanang kok seneng lanang, ngono kuwi dosa jare dalil Islam, iku jarene pak kyai Gontor, dadi ya saka iku gemblak wis diilangi mbak,”

Dadi owahe jathil kang wiwitane ditarikake dening priya dadi wanita nalika taun 70-an munggah. Bab kasebut nduweni tujuwan kanggo ngesiki citra warok kang isih digayutake karo praktek *homoseksual* karo gemblak utawa jathil lanang. Mula pemerintah menahi perintah supaya Jathil diganti wanita supaya wong-wong njaba uga ngerti yen gemblak wis ilang saka kesenian Reyog Ponorogo.

c. Bujang Ganong

Sajrone buku anggitané Pemda Dati II Ponorogo kanthi irah-irahan “*Pedoman Dasar Kesenian Reyog Ponorogo Dalam Pentas Budaya Bangsa*” diandharake, Ganongan ing jaman biyen minangka paraga kang lincah, tugase yaiku kanggo nggudha lan ngganggu Singobarong, amarga Bujang Ganong utawa Penthulan minangka gegambarane Ki Ageng Kutu kang ngritik lan ngenyek Singobarong (Raja Brawijaya IV) amarga disetir utawa tunduk karo garwane.

Dene saiki Bujangganong utawa asring diarani penthulan yaiku patihe Prabu Kelana, amarga patih saka Prabu kelana mula bujangganong saiki minangka tokoh kang sipate *protagonis*.

d. Warok

“Beberapa taun yang lalu sadurunge mbah wo Kucing seda kuwi akeh mbak sing pengen mbeguru dadi Warok sejati. Tapi ora ana sing berhasil, godhane abot saiki yen arep dadi Warok. Warok sejati saiki ora ana mbak, anane ya mung Warok-Warok penari wae. Tapi ya alhamdulillah sik akeh sing gelem belajar senjata ya mung penari Warok, sing penting kabudayan Reyog isik ana sing nerusake.” (Pak Pranyoto, 13 Juni 2016).

Saka pethikan ing ndhuwur, dimangerteni yen Warok ing jaman saiki dudu Warok kang kaya ing jaman biyen. Dudu Warok sing nduweni ilmu lan kasekten lan tugase minangka penyayom lan kang njaga masyarakat maneh, nanging namung seniman Reyog kang kabisane yaiku nari Warok.

4) Fungsi

Fungsi saka kesenian reyog Ponorogo mligine desa Kauman ing jaman biyen yaiku nduweni fungsi rekreasi utawa hiburan, fungsi minangka protes sosial, sarana pangesahan pranata lan lembaga kabudayan.

Fungsi saka kesenian reyog Ponorogo mligine desa Kauman ing jaman saiki yaiku nduweni fungsi rekreasi utawa hiburan, saran pendhidhikan lan sarana kanggo medhia dakwah.

Tata Laku Kesenian Reyog ing Desa Kauman Jaman Biyen lan Saiki

“Biyen sadurunge pentas, wis dadi kuwajiban kelompok Reyog kuwi nglakoni ritual. Ritual iku biyen fungsine ya kanggo nyenengake danyang sing njaga papan tartamtu, dadi mengko pas pentas ora ana alangan saliyané kuwi ya Ndonga marang Hyang supaya lancar. Ubarampene ora akeh, biasane ki menyan, areng, kopi paitan, wedang gula asem, parem, sega kokoh, nah trus rokok grendo, kembang kanthil, karo kembang telon.” (Wawancara Pak Yatman, 13 Juni 2016).

Saka andharan ing ndhuwur bisa dimangerteni ubarampe kang dibutuhake yaiku menyan, kopi paitan, areng, wedang gula asem, parem, rokok grendo, sega kokoh, kembang telon, lan kembang kanthil.

Tata carane ritual kesenian Reyog dilakoni sadurunge pentas. Lumrahe yen sesuk pentas, bengi iki para sesepuh lan pengrawit sarta penari ora turu lan ngleksanakake ritual.

Tata lakune ritual kesenian Reyog yaiku:

- 1) Nyiapake Dhadhak Merak, para anggota paguyuban Reyog nyiapake dhadhak merak kang arep digunakake kanggo pentas.
- 2) Masang kembang kanthil sarta rokok Grendo ing kuping Dhadhak Merak, Sesepuh desa miwiti ritual kanthi masang kembang kanthil sarta rokok Grendo ing kuping macan sajrone dhadhak merak.
- 3) Sajen kang wis disiyape banjur dipapanake ing ngarepe Dhadhak Merak.
- 4) Sesepuh desa banjur lungguh ing ngarepe dhadhak merak, banjur mbakar kemenyan kanthi maca mantra-mantra, salah sijine kang paling wigati yaiku mantra tolak bala.

“Yen ana kala saka kidul balia mengidul, yen ana kala saka lor balia ngalor, yen ana kala saka wetan balia ngetan, yen ana kala saka kulon balia ngulon. Kari enten jejeg neng tengah njaluk keslametan.”

Sawise rampung anggane maca mantra-mantra, kemenyan kang wis dibakar banjur diusapake ing mata, kuping, rambut, irung lan

lambene Dhadhak merak kang arep digawe pentas.

- e. Sadurunge upacara ritual, gamelan kang digunakake kanggo pentas ora kena digunakake utawa ora kena ngetokake swara (Pak Yatman, 13 Juni 2016).

Pak Yatman uga ngandharake yen mantra kang digunakake sejatine ora mung tolak bala, ana mantra-mantra tartamtu kang namung para sesepuh wae kang oleh mangerteni. Nanging kang paling wigati lan kudu diucapake yaiku mantra tolak bala.

Tata laku sajrone kesenian reyog Ponorogo ing Desa Kauman saiki uga isih padha karo jaman biyen, nanging kang mbedakake yaiku tujuwane. Maksud tujuwan ing kene yaiku yen ing jaman biyen ritual kasebut ditujokake kanggo nggayuh utawa mikolehi ijin lan berkah saka barang ghaib kang sipate mistik. Dene ritual kang dilakoni saiki didhasari niat nguri-uri warisan leluhur.

Owah-owahane Kesenian Reyog ing Desa Kauman kang dijajari pangaribawa ajaran Islam

Dideleng saka tuwuhe Reyog, Reyog tuwuh ing Ponorogo nalika masyarakat Ponorogo nduweni kapitayan agama Hindu Budha, kalebu wong Desa Kauman. Nanging reyog nganti saiki tansah ngrembaka nalika Islam minangka agama mayoritas ing Desa Kauman. Wis tamtune yen kesenian Reyog uga ngalami owah-owahan manut kapitayane masyarakat Desa Kauman.

1) Tasbih ing cucuk merak

“Ya ana nanging sithik dhadhak merak biyen kuwi ora luwih apik tinimbang sing saiki. Saiki ngono luwih rame, akeh warnane ora kaya biyen. Bener pancen, biyen jaman aku isih cilik dhadhak merak kuwi mung siji loro sing cucuke ana montene (manik-manik), la lek saiki lak sampeyan delok kabeh cucuke merak nggawa monte. Kuwi ngono diwenengi nggo lambang tasbeh. Diseragamne kudu ana kuwina saiki.” (Mbah Misdi, 06 Juni 2016)

Saka pethikan ing ndhuwur bisa dimangerteni yen manik-manik kasebut nggambarake salah sawijine alat sholat yaiku tasbeh. *Aksesoris* tambahan kasebut ditambahake kanggo ndudohake yen Islam wis mlebu ing Ponorogo, lan reyog uga wis dadi kesenian kang luwih islami.

2) Owahe bentuk Dhadhak Merak

“Mbiyen dhadhak merak malah wujud kaya barongsai china kae lo, mburi kuwi ana wong siji sing dadi sikil mburine. Nanging saiki bentuke ora ngono maneh sikile mung loro, kuwi ngono miturut wong biyen ya sing gawe Batoro

Katong merga Batoro Katong biyen muride Sunan Kalijaga ta, la kon ngowahi merga Reyog kuwi yen sikile papat malih kaya wujud macan tenan. La lek neng Islam nggawe samubarang kang kaya makhluk urip ciptaane Gusti Allah lak dosa. Mula digawe ben ora kaya kewan asline.” (Mbah Misdi, 06 Juni 2016).

Wujud dhadhak merak biyen lan saiki wis beda, amarga yen tetep digunakake wujud biyen kang saemper karo kewan macan asli kanthi sikil papat, bab kasebut kalebu ngrusak aqidah. Jalaran Allah kang nyiptakake makhluk ing alam donya iki, nggawe samubarang kang saemper kaya wuud asline bisa diarani upaya kanggo niru ciptaan Allah kang nduweni nyawa. Pamawas kang kaya mangkono didhasari saka hadits Bukhari kang shahih kaya ing ngisor

Dari Abu Hurairah Radiyallahu 'anhu, ia berkata: “Rasulullah shallallahu 'alaihi wassalam bersabda : Allah Ta'ala berfirman : Dan barang siapakah yang lebih dzalim dari mereka yang akan membuat satu ciptaan seperti ciptaan-Ku, maka hendaknya mereka menciptakan satu dzarrah, atau biji, atau gandum.” (HR. Bukhari)

Saka hadits shahih ing ndhuwur cetha yen nggawe samubarang kang mawujud kaya makhluk ciptaane Allah SWT kang nduweni nyawa minangka tumindak *dzalim*, tumindak *dzalim* kang kaya mangkono bisa nuwuhake utawa njalari rusake aqidah wong Islam.

3) Makna anyar saka Dhadhak Merak



Nalika Raden Katong teka ing Ponorogo, Raden Katong nggunakake Reyog minangka sarana dakwah, salah sijine yaiku kanthi cara ngowahi makna *negatif* saka dhadhak merak jaman biyen. Merak kang ana ing dhadhak merak digunakake kanggo yaiku kanggo simbol kabecikan, dene endhas macan ditegesi samubarang kang ala/ jahat. Mula tuwuh makna anyar kang luwih positif saka dhadhak merak versi Raden Katong. Ajaran kang diwenehake yaiku samubarang kang ala lan jahat bakal kalah kalah kabecikan lan kabecikan tansah menang lan kaendahane kabecikan bisa dideleng sapa wae kaya buntut merak kang mekar

gedhe lan narik kawigatene sapa wae (Pemda Dati II Ponorogo, 1996:6).

4) 4 warna kang ana sajrone Kesenian Reyog

Ana 4 warna kang paling *dominan* sajrone kesenian Reyog. Warna kasebut yaiku abang, putih, ireng lan kuning. Saka asile wawancara karo Pak Pranyoto, warna kasebut sengaja dipilih amarga kanggo nggambarake nafsu kang ana ing dhirine manungsa.

“Warna kang dominan sajrone kesenian Reyog kuwi sejatine artine ngene mbak. Abang kuwi nggambarake nafsu amarah, putih kuwi muthmainah, ireng alwamah, dene kuning sufiyah. Hampir semua alat atau unsur dalam kesenian Reyog iku mewakili ajaran Islam mbak.” (Wawancara Pak Pranyoto, 13 Juni 2016).

Bisa dimangerteni yen sajrone reyog ana 4 warna kang mujudake simbolisasi saka nafsu kang diduweni dening manungsa, nafsu kasebu yaiku:

- Warna abang kang nyimbolake nafsu Amarah
- Warna putih kang nyimbolake nafsu Muthmainah
- Warna ireng kang nyimbolake nafsu Alwamah
- Warna kuning kang nyimbolake nafsu Sufiyah

5) Jeneng Reyog

Kaya kang diandharake ing sub bab sadurunge, jeneng Reyog asale saka tembung basa Arab yaiku *Riyuqun* kang tegese *khusnul khotimah*. Tujuwan Raden Katong menehi jeneng Reyog yaiku kanggo nggambarake kahanane manungsa ing alam dunya, mligine masyarakat Ponorogo jaman biyen kang akeh salah lan dosane, nanging Gusti Allah Maha Pengasih mula senjata manungsa kuwi akeh dosane, nanging gelem tobat lan tumemen anggone dadi Muslim, Gusti Allah bakal paring Rahmat lan pangapurane marang manungsa kasebut

6) Gamelan medhia dakwah ajaran Islam

Gamelan kang digunakake padha wae antarane biyen lan saiki, nilai Islam ana sajrone gamelan reyog kang digunakake minangka saran dakwah nalika Batara Katong nyebarake agama Islam marang bebrayan Ponorogo. Metode kasebut saemper karo metode dakhwah kang dilakoni dening para walisongo anggone ngislamake bebrayan Jawa kanthi medhia wayang purwa.

Saksono (1995:221) ngandharake yen ana faktor eksteren utawa *‘awamilil kharijiah* yaiku saka karakter ajaran Islam kang disebar dening para wali lan Batara Katong akeh ngandhut unsur Islam kang mirip utawa saemper lan cocok karo unsur-unsur Indonesia asli. Cundhuk karo kang diandharake dening Saksono, Batara Katong uga nggunakake *kecocokan* utawa samubarang kang saemper karo unsur Islam kanggo nyebarake lan ngenalake Islam marang Bebrayan. Yen Walisongo nggunakake wayang Purwa kanggo nyebarake ajaran Islam, Batara Katong nggunakake reyog minangka sarana dakwahe, salah sijine yaiku

nggunakake *kecocokan* antarane jeneng-jeneng gamelan kang digunakake ing kesenian reyog karo tetembungan saka basa Arab kang ngemot piwulang Islam. Kaya kang kaserat ing buku anggitané Pemda Dati II Ponorogo kanthi irah-irahan *Pedoman Dasar Kesenian Reyog Ponorogo Dalam Pentas Budaya Bangsa* ing ngisor:

- Kendhang digathukake karo tembung *qada’a* kang tegese rem.
- Ketipung/ kempling, kang saemper karo tembung *katifun* uga digunakake kanggo sara dakwah kang menehi piwulang ngenani piwales.
- Kenong, saemper karo tembung *qona’a* digunakake kanggo ngajarake ajaran Islam ngenani nrima takdir.
- Kethuk, kang saemper karo tembung *khotok* kang tegese akeh salah.
- Kempul, saemper karo tembung *kafulun* kang tegese piwales utawa upah imbalan.
- Sompret, saemper karo tembung *shuwarun* kang tegese peringatan.
- Angklung, saemper karo tembung *ankul* kang tegese peralihan.

7) Ajaran Islam sajrone klambi utawa ageman ing kesenian reyog

a. Penadhon

(klambi ireng kang digunakake Warok lan para yaga ing Reyog) saemper karo tembung *Fanadun* kang tegese kakurangan utawa kelemahan.

b. Udheng

Udheng (kain ireng kang diiket ing sirah) saka tembung *Udu’u* kang nduweni teges ngajak.

c. Usus (Kolor putih kang digunakake para Warok)

Usus (kolor putih kang digunakake dening para warok) saemper karo tembung *Ushushun* kang tegese tali utawa ikatan.

8) Jeneng Warok minangka sarana nyebar ajaran Islam

“warok kuwi biyen miturut cerita wong sing wateke ala, seneng njejuk duweke liyan, seneng rerebut bojone liyan, mula nalika ana pondok pesantren ngadheg dijenengi gontor utawa tegese panggon sing kotor, maksude kotor neng kene kuwi ya merga biyene akeh warok kang tumindake ala. Nah, terus miturut ceritane mbah-mbah, nalika raden katong mlebu neng Ponorogo. Warok kuwi diarani asale saka basa Arab ngono lo, sing tegese ati-ati. Kuwi mono yen dinalar sejatin ya mung carane Raden KAtong supaya dheweke lan islam ditrima mbak. Yen batara Katong teka trus langsung mulang ajaran Islam trus nglarang iki, nglarang iku, laky a malah diusir. Mula Raden Katong nggawe cara alus sing ora sepira ketok nanging sithik-akeh bisa

ngowahi kahanan neng Ponorogo kuwi.”(Pak Suyatman, 13 Juni 2016).

Saka pethikan ing ndhuwur bisa dimangerteni yen nyocogake utawa nggatakake budaya, kultur lan ajaran kang wis ana karo ajaran agama Islam minangka cara kang dipilih lan digunakake dening Raden Katong. Bab kasebut dijajari pawongan nduweni kapitayan kang wis diugemi suwe turun temurun, banjur ana kapitayan anyar kang mlebu. Lumrahe pawongan bakal nampik kapitayan anyar kasebut amarga dirasa kapitayane sasuwene iki wis bener. Mula anggone nyebarake lan golek kawigatene bebrayan Ponorogo biyen kang nganut agama Hindu Budha lan animisme dinamisme, Raden katong nggunakake pamarekan-pamarekan kanthi nggathukake unsur kabudayan lan kapitayan bebrayan Ponorogo asli karo Ajaran Islam.

9) Owahe fungsi gemblak ing Desa Kauman

gemblak nalika jaman Islam ora didadekake *mitra seks* para Warok maneh. Bab kasebut dijajari saka anane larangan sajrone ajaran Islam ngenani praktek *homoseksual*. Adhedhasar ayat Al-Qur'an surat Al-A'raaf ayat 80-81 ing ngisor iki, Raden Katong nyoba ngowahi fungsi Gemblak.

وَلَوْ طَآءَ إِذَا قَالُوا فَضُوئِهِمْ أَتَأْتُونَ النَّجْصَةَ مَا سَخَّرْنَاكُمْ بِهَا مِنْ أَحَدٍ مِنَ الْعَالَمِينَ

80. Dan (Kami juga telah mengutus) Luth (kepada kaumnya). (Ingatlah) tatkala dia berkata kepada mereka: "Mengapa kamu mengerjakan perbuatan faahisyah itu, yang belum pernah dikerjakan oleh seorangpun (di dunia ini) sebelumnya?"

إِن كُنْتُمْ تَأْتُونَ الرِّجَالَ شَهْوَةً مِنْ ذُنُوبِكُمْ أَتَأْتُونَ النَّجْصَةَ بِمَا أَنْتُمْ قَوْمٌ مُشْرِكُونَ

81. Sesungguhnya kamu mendatangi lelaki untuk melepaskan nafsumu (kepada mereka), bukan kepada wanita, malah kamu ini adalah kaum yang melampaui batas.

Adhedhasar ajaran Islam kang ngandharake yen homoseksual kuwi tumindak ala lan haram, banjur Gemblak owah fungsine dadi anak angkat. Mula ing jaman biyen, gemblak akeh kang dijupuk saka kulawarga kang kacingkrangan tujuwane kanggo ngopeni lan mbiyantu para kaum fakir/*dhuafa*. Kaya kang diandharake dening Efendi (1998:219) Gemblak lumrahe dijupuk saka kulawarga kang mlarat, lumrahe wong tuwa saka gemblak bakal dibayar sapi saben taun, warok nduweni tanggung jawab njaga lan ngrawat bocah sing dadi gemblake, pihak kulawargane kang akeh-akeh wong mlarat seneng yen anake didadekake

gemblak amarga saka sisi ekonomi kulawarga kasebut bisa ketulung banget.

10) Jathil wanita kang nggunakake jilbab saka Ponpes ing Desa Kauman

Tuwuh rasa prihatin saka para kaum santri ing Ponorogo. Iki kabukti amarga ing Universitas Muhammadiyah Ponorogo nduweni paguyuban kesenian reyog kang nduweni corak Islami, amarga jathil ing paguyuban kasebut nggunakake jilbab. Saliyane kuwi uga akeh pondok pesantren kang uga nggawe paguyuban reyog kang luwih Islami tuladhane Ponpes Ngabar, Al-Imran, Hudatul muna, ing desa Kauman uga ana pondok pesantren Al-Hikmah kang uga nduweni kesenia reyog Islami kaya ing Universitas Muhammadiyah ponorogo.

Dhasar owahe jathil wanita kang nggunakake jilbab yaiku saka ajaran Islam kang nguwajibake para wanita nggunakake klambi kang tertutup lan nggunakake jilbab.

saperangan paguyuban salah sijine yaiku paguyuban reyog saka ponpes ing desa Kauman kang wani gawe sawijine owah-owahan ing kesenian reyog supaya luwih selaras karo ajaran Islam, dalil utawa aturan saka Allah SWT kang ngandharake ngenani kuwajiban nggunakake jilbab kanggone para wanita kang banjur *diaplikasikan* utawa diterapake ing kesenian reyog saiki yaiku

يَتْلُوهَا النَّبِيُّ لَمَّا لَازَ وَجْهَكَ وَتَتَلَاكِ وَيَسْمَعُ الْمُؤْمِنِينَ وَتُحَدِّثُ عَلَيْهِمْ مِنْ حَبْلِئِيبٍ ذَلِكَ أَنْتَ لَنْ تَعْرِفِيْنَ فَلَا تُوَدِّعِيْنَ وَكُنِ الْكَلِمَةَ قَلْبًا رَاجِعًا

“Hai Nabi, katakanlah kepada isteri-isterimu, anak-anak perempuanmu dan isteri-isteri orang mukmin: "Hendaklah mereka mengulurkan jilbabnya ke seluruh tubuh mereka." Yang demikian itu supaya mereka lebih mudah untuk dikenal, karena itu mereka tidak di ganggu. Dan Allah adalah Maha Pengampun lagi Maha Penyayang.” (Qs. Al-Ahzab:59)

Ngunakake kerudung utawa hijab minangka salah sijine kuwajiban kang ditakhlifake (diwenehake) marang sakabehe individu muslimah. Saben muslimah arep metu, hijab wajib digunakake. Hukum wajib hijab kanggo muslimah padha karo wajib sholat fardhu lan pasa romadhon (Shihab, 2004:8). Ajaran lan kuwajiban nggunakake jilbab kanggo wanita muslimah mutlak wajib hukume, mula bab kasebut banjur njalari owahe tampilan saka jathil wanita ing saperangan paguyuban salah sijine yaiku paguyuban reyog ing Desa Kauman.

11) Owahe syarat dadi pembarong ing Desa Kauman

Fuzannafi ing bukune kanthi irah-irahan *Reog Ponorogo Memori diantara Dominasi dan Keragaman* (2005:79) ngandharake ngenani praktek magis sajrone kesenian reyog, yen reyog biyen anggone nglakoni pentas nggunakake praktek magis, mligine ing reyog obyogan (reyog padesan). Nilai magis kang dimaksud

ing kene yaiku salah sijine yaiku menehi samubarang kang magis tumrap pembarong kaya ta susuk. Bab kasebut ing jaman biyen dimaksudake supaya nuwuhake kakukawatan luwih lan nuwuhake daya Tarik kanggo paguyuban reyog kasebut.

Nanging saiki, sawise Islam wis dadi agama mayoritas ing Ponorogo mligine ing Desa Kauman, susuk cetha diharamake, mula kakuwatan kang dipikolehi kanggo ngangkat dhadhak merak saiki asli saka asile latiyen, lan yen biyen mung pawongan kang diarani nduwe wahyu wae kang oleh mbarong, saiki wong kang dadi pembarong bisa sapa wae.

12) Owahe fungsi utawa makna saka ritual lan ubarampe sadurunge pentas reyog ing Desa Kauman

Selaras karo mlebone Islam ing tanah Jawa mligine ing Ponorogo, fungsi ritual kasebut owah. Yen sadurunge ditujokake kanggo samubarang kang sipate ghaib. Owahe fungsi kasebut amarga dijalari ajaran Islam ngenani harame njaluk tulung marang jin utawa samubarang saliyan Allah, sarta harame menehake sajen marang jin lan barang ghaib liyane. Bab kasebut bisa dibuktekake saka anane pethikan ayat ing ngisor iki.

“Dan bahwasanya ada beberapa orang laki-laki di antara manusia meminta perlindungan^[1523] kepada beberapa laki-laki di antara jin, maka jin-jin itu menambah bagi mereka dosa dan kesalahan.”(Qs. Al-Jin:6)

Pethikan ing ndhuwur mujudake ajaran Islam ngenani larangan njaluk tulung marang jin lan barang Ghaib saliyan Allah kanthi cara apa wae. Tegese *meminta perlindungan* ing pethikan ayat kasebut yaiku kacarita ana ing antarane wong arab yen liwat ing papan kang sepi, pawongan kasebut nyenyuwun tulung marang jin kang dianggep nguwasani papan kasebut. njaluk tulung marang saliyan Allah minangka wujud tumindak syirik lan nambahi dosa kanggo sing nglakoni. Adhedhasar ajaran kasebut, mula fungsi ritual reyog diowahi ora kanggo njaluk marang jin, leluhur, roh utawa dhayang nanging mujudake wujud njaluk marang Gusti Allah kang maha Kuwasa.

Dene ajaran Islam kang ngandharake yen nyawisake sajen kanggo roh, jin lsp uga ana ing al-Qur'an kaya ing pethikan ayat ngisor iki.

“sesungguhnya Allah hanya mengharamkan bagimu bangkai, darah, daging babi, dan sembelihan yang dipersembahkan selain Allah.”
(Al-Baqarah:173)

Saka kene panganan apa wae kang disuguhake marang samubarang saliyan Allah sipate haram. Samubarang kang tegese ora becik lan yen tetep dilakoni bakal oleh ganjaran. Nanging yen ditinggalake bebrayan Desa Kauman wedi mengko kesenian reyog bakal cures lan ora padha karo apa kang wis diwarisake

dening leluhure. Mula ritual lan ubarampe tetep ana nanging fungsine owah.

Saka andharane Pak Pranyata cetha yen fungsi saka upacara ritual lan ubarampe sajrone kesenian reyog ing Desa Kauman saiki wis ora kaya biyen maneh. Niyat bebrayan Desa Kauman wis dilurusake, supaya ora kalebu tumindak syirik. Senajan akeh paguyuban reyog ing papan liya kang wis ngilangi ritual kasebut, nanging bebrayan Desa Kauman percaya yen sakabehe kuwi gumantung saka niat. Kaya hadist ing ngisor

“Sesungguhnya amal itu tergantung niat”(HR. Ahmad)

Ilange upacara ritual kesenian reyog ing Desa Kauman minangka bukti yen bebrayan Desa Kauman minangka muslim.

13) Do'a Islam sajrone ritual kesenian reyog ing Desa Kauman

Donga kang digunakake ing ritual saiki uga wis antuk pangaribawa saka Islam, yen biyen donga kang digunakake yaiku mantra-mantra kaya mantra tolak bala. Saiki yen ana ritual sadurunge Reyogan donga kang digunakake yaiku donga kanthi cara Islam yaiku kalimat-kalimat *thaiyyibah* lan donga awujud basa Arab kaya Al-Fatihah, donga Sapu Jagad, lsp.

Andharan ing ndhuwur adhedhasar asil wawancara kaya ing pethikan iki

“Lek biyen ya dongane ala utawa paham biyen, kaya donga tolak bala sing unine “Yen ana kala saka kidul balia mengidul, yen ana kala saka lor balia ngalor, yen ana kala saka wetan balia ngetan, yen ana kala saka kulon balia ngulon. Kari enten jejeg neng tengah njaluk keslametan”. Lek saiki ya donga cara islam, bismillahirahman nirrahim, lan maca ayat-ayat pengeran, kaya donga-donga sing diucapake lumrahe wong islam jaman saiki ya ana robbana atina, Al-fatihah. “ (Pak Yatman, 13 Juni 2016)

Dideleng saka owahe donga saka rapalan-rapalan mantra banjur dadi donga cara Islam cetha mbuktekake yen owahe amarga saka pangaribawa agama Islam. agama islam minangka agama kang sampurna kang sakabehe tata laku manungsa wis diatur ing aturan-aturane Gusti Allah kang diserat ing Al-Qur'an mula Al-Qur'an minangka kitab suci kang didadekake landhesan uripe manungsa. Salah sijine ajaran Islam lan aturan saka Gusti Allah kang ana sajrone Al-Qur'an yaiku ngenani ndedonga, saora-orane ana 203 ayat kang ngandharake ngenani donga ing Al-Qur'an. Donga miturut istilah tegese njaluk utawa mohon marang Gusti Allah kanthi langsung kanggo mikolehi karunia lan sakabehe kang diridhoi lan supaya adoh saka samubarang kang ala utawa bebaya sing ora dikarepake (Shihab, 2004:24). Dadi donga digunakake manungsa kanggo nyuwun pitulungan saka samubarang kang luwih tinimbang manungsa kuwi dhewe, biasane wong Ndonga yen arep ngleksanani

samubarang hajat, donga kasebut digunakake kanggo njaluk supaya hajat kang dilakoni bisa lancar tanpa pepalang. Bab kasebut uga ana ing Islam, kaya pethikan ayat ing ngisor iki :

وَلَا تَدْعُ مِنْ دُونِ اللَّهِ مَا لَا يَنْفَعُكَ وَلَا يَضُرُّكَ فَإِنْ فَعَلْتَ فَإِنَّكَ إِذَا مِنْ
الظَّالِمِينَ ﴿١٠٦﴾

“Dan janganlah kamu menyembah apa-apa yang tidak memberi manfaat dan tidak (pula) memberi mudharat kepadamu selain Allah; sebab jika kamu berbuat (yang demikian), itu, maka sesungguhnya kamu kalau begitu termasuk orang-orang yang zalim.” (Qs. Yunus:106)

Adhedhasar pethikan ayat ing ndhuwur bisa kita mangerteni yen donga kuwi kudune ditujokake marang Gusti Allah, ora marang saliyané Gusti Allah. Sajrone ajaran Islam uga diandharake donga kang apik, donga kang apik yaiku donga kang diandharake ing Al-Qur’an lan hadits Nabi shallallahu ‘alaihi wa sallam. Nalika kita nggunakake donga kang kaya mangkono, kita bakal oleh kabecikan kang akeh, ora winates (<https://rumaysho.com/1135-hukum-berdoa-dengan-bahasa-non-arab.html> diakses 24 Agustus 2016).

Amarga anane ajaran yen donga marang saliyané Allah mung nggawe *mudharat* utawa karugian, mula donga sajrone kesenian reyog ing Desa Kauman diganti kanthi cara Islam. banjur donga kang digunakake yaiku donga-donga saka Al-Qur’an kaya AL-Fatihah, sapu jagad diajab donga kang dhasare saka Al-Qur’an kasebut cepet diijabah dening Gusti Allah.

14) Cacahé piranti reyog

Piranti lan paraga kang digunakake ing kesenian reyog saora-orane utawa paling sithik ana 17 yaiku 1 pembarongan, 1 Klana sewandana, 1 bujanganong, 2 warok, 2 jathil, 1 kendhang, 1 slompret, 1 ketipung, 1 kempul, 1 kethuk, 1 kenong, lan angklung cacahé 4. Yen dijumlahake cacahé ana 17. Cacahé 17 iku minangka sarana kanggo nggambarake cacahé raka’at nalika sholat fardhu. Miturut andharan saka informan kaya kapethik ing ngisor:

“ana sing cacahé ki padha karo cacahé raka’at sholat, pakem biyen sing kuwi mung pengrawit karo jathil loro, warok loro, barongan siji. Lek dijumlah dadine pas 17. Kaya raka’at sholat. Kuwi ngono jare disengaja ben pas.” (Pak Yatman, 16 Juni 2016)

Kaya kang dimangerteni yen biyen durung ana pakem wajib anggone nampilake kesenian reyog iki. nanging nalika Raden Katong teka ing ponorogo lan nggunakake reyog minangka sarana kanggo dakwah mula kesenian reyog diwenehi pakem saora-orane kaya kang diandharake ing ndhuwur. Standar minimal kesenian reyog kasebut ditulis ing buku *Pedoman*

Dasar Kesenian Reog Ponorogo anggitané Daksono lan Kardi, saliyané kuwi uga ditulis ing buku anggitané tim pemda dati II Ponorogo.

Reyog minangka saran kanggo nyebarake ajaran Islam, anggone nyebarake salah sijiné yaiku menehi simbolisasi saka ajaran Islam sajrone kesenian asli ponorogo kasebut. bab kasebut bisa nggampangake para bebrayan ponorogo jaman biyen anggone ngeling-eling ajaran Islam kang kalebu anyar kanggone bebrayan ponorogo mligine Desa Kauman. Mula kanthi anane simbolisasi cacahé sholat sajrone kesenian reyog iki bisa migunani tumrap ngrembakane ajaran Islam.

15) Ilange tradhisi omben

Sejatine tradhisi omben-omben nalika reyogan ngono kuwi ora mung ana ing Desa Kauman wae, nanging ing dhaerah liya uga mangkono. infotman ngandharake bab kang ngenani tradhisi omben ing kesenian reyog jaman biyen.

“lah, lek reyog saiki pancen akeh ngalami owah-owahan. yen jaman biyen ora pati pas mungguhe jaman saiki yaiku reyog biyen nalika pentas dibarengi karo omben utawa minuman keras. Merga miturute wong biyen dipercaya bisa nambah sreg lan gumbyahe reyog. Ning miturut owahé jaman bab kasebut ora pas, amarga akeh ndadekake masyarakat anatar siji lan sijiné nggarai padudon. Amarga ora sadar pikire akhiré siji lan sijiné bisa dadi drah lan congkrah. Mula saiki ing kene desa kauman wis diguawak. Kasunyatan sing saiki ngono. Sing nomer loro, yen biyen yen arep budhal utawa mangkat pentas kuwi mesti dianaake ritual. Carane ya dilakoni obong-obong dupa, menyan, ora njaluk neng sing gawe urip, nanging njaluk pitulungan marang barang ghaib kaya ta danyang ing panggone. La saiki mungguhe wong jaman saiki ya wis ora pas, dadi kaya ngono iku ritual ya nyuwun marang sing gawe urip *Bismillahi rahmanirrahim*. Budha ya wis budhal, tur ora ana kegiatan omben-omben.” (Pak Yatman, 13 Juni 2016).

Saka rong pethikan ing ndhuwur bisa dimangerteni yen sajrone kesenian reyog biyen uga isih ana tradhisi kang ora selaras karo ajaran Islam. nanging saiki bab kang kaya mangkon wis ora ditemokake maneh. Tradhisi mendem utawa omben kaya padhatan jaman biyen wis ilang.

Bab kang njalari owahé tradhisi omben kasebut yaiku ora liya amarga ajaran agama Islam kang

cetha nggolongake arak jawa lan samubarang kang bisa nggawe pawongan ilang kesadarane ing klompok *khamar*, lan hukume *khamar* yaiku haram.

Kaya kang ana sajrone pethikan ayat Al-Qur'an ing ngisor iki:

"Mereka bertanya kepadamu tentang khamar^[136] dan judi. Katakanlah: "Pada keduanya terdapat dosa yang besar dan beberapa manfaat bagi manusia, tetapi dosa keduanya lebih besar dari manfaatnya." Dan mereka bertanya kepadamu apa yang mereka nafkahkan. Katakanlah: " Yang lebih dari keperluan." Demikianlah Allah menerangkan ayat-ayat-Nya kepadamu supaya kamu berfikir." (Qs. Al-Baqarah:219)

Saka pethikan ayat ing ndhuwur wis cetha banget Allah SWT *mengharamkan* *khamar*. Apa kang diarani *khamar* banjur dijelasake dening Rasulullah ing hadits riwayat ing ngisor.

"Dari Jabir, bahwa ada seorang dari negeri Yaman yang bertanya kepada Rasulullah SAW tentang sejenis minuman yang biasa diminum orang-orang di Yaman. Minuman tersebut dari jagung yang dinamakan mizr. Rasulullah bertanya kepadanya, "apakah minuman itu memabukkan?" "ya" jawabnya. Kemudian Rasulullah menjawab "setiap yang memabukkan itu adalah haram. Allah berjanji kepada orang-orang yang meminum minuman memabukkan, bahwa dia akan memberi mereka minuman dari thinah khabal." Mereka bertanya, apakah thinah khabal itu?.Jawab Rasulullah, Keringat ahli neraka (HR. Muslim, An Nasa'I, lan Ahmad).

Dadi saka rong pethikan ing ndhuwur bisa dimangerteni yen sakabehe bab kang bisa gawe mabuk kalebu *khamar*, lan *khamar* kuwi haram hukume ing Islam. ajaran utawa aturan saka Gusti Allah kang wis ditulis ing Al-Qur'an minangka syari'ah kang kudu dilaksanakake dening kaum muslim. Mula nalika masyarakat saka Ponorogo mligine Desa Kauman wis dadi muslim, tradhisi kang wis ora salaras karo ajaran Islam kasebut dilangi saka kesenian reyog kang ana ing Desa Kauman.

PANUTUP Dudutan

Ahdhedhasar saka andharan asiling panliten

kanthi irah-irahan "*Unsur Islam sajrone Kesenian Reyog ing Desa Kauman Kecamatan Kauman Kabupaten Ponorogo (Tintingan Folklor)*" ing ndhuwur bisa dijupuk dudutan. Dudutan ngenani asile panliten minangka sawijine bab kang wigati lan cundhuk karo tujuwan panliten. Dudutan sing bisa diandharake yaiku kesenian reyog minangka salah sawijine perangan folklor saperangan lisan sing isih urip lan ngrembaka ing satengahe masyarakat modern. Warga Desa Kauman minangka salah sijine bebrayan Ponorogo kang tansah nguri-uri lan ngrembakake folklore saperangan lisan ngenani kesenian reyog Ponorogo. Panliten ngenani unsur Islam sajrone kesenian reyog ing Desa Kauman iki bisa dianalisis kanthi tintingan folklore lan nggunakake maneka teori.

Sejarah utawa carita mula bukane kesenian reyog ponorogo kang misuwur ing lingkup bebrayan ponorogo mligine Desa Kauman. Saora-orane ana rong versi yaiku carita ngenani Ki Ageng Kutu Suryangalam lan Raden Batara katong, kang nyaritakake wiwitane tuwuhe kesenian reyog lan upaya panyebaran agama Islam ing Ponorogo. Sijine yaiku carita ngenani Prabu Bantarangin yaiku Klana Sewandono kang kepengin nglamar Putri Kediri Dewi Sanggalangit.

Kesenian reyog ing jaman biyen lan saiki wis akeh kang owah. Owah-owahan saka maneka sisi yaiku saka wujud, paraga lan pamaragane, sarta fungsi utawa pigunane. Reyog mligine ing Desa Kauman biyen paragane mung Bujangganong, barongan lan jathil. Dene saiki paragane ana Bujangganong, barongan, jathil, Prabu Klana, lan warok. Fungsine yen biyen minangka sarana hiburan lan protes sosial, saiki reyog mujudake sarana dakwah, hiburan lan edukasi.

Pamrayoga

Panliti ngajab anane pamrayoga adhedhasar asil panliten kang wis dijlentrehake. Pamrayogane, yaiku: (1) panliten Unsur Islam sajrone Kesenian reyog ing Desa Kauman Kecamatan Kauman Kabupaten Ponorogo (Tintingan Folklor) iki isih ana bab kang luput lan durung jangkep, mula panliti ngajab anane pamrayoga kanggo panliten sabanjure lan (2) panliti uga ngajab para mahasiswa Jawa sregep nindakake panliten ngenani budaya Jawa kang ora mung njlentrehake wujud kabudayaan Jawa, nanging uga bisa njlentrehake owah-owahan ing kabudayaan Jawa mligine ing jaman saiki.

KAPUSTAKAN

Kapustakan

Allah. *Al-Qur'an Transliterasi Per kata dan Terjemahan Per kata*. Bekasi: Cipta Bagus Segara

Arikunto, S. 2006. *Prosedur Penelitian*. Yogyakarta: Rineka Cipta.

Bakker, J.W.M. 2005. *Filsafat Kebudayaan Sebuah Pengantar*. Jakarta: BPK Gunung Mulia.

- Baqi, Muhammad Fuad. *Kumpulan Hadits shahih Bukhari Muslim*. Bandung: Insan Kamil.
- Daksono & Kardi. 2002. *Pedoman Dasar Kesenian Reog Ponorogo*. Semarang: Bahagia Offset Trikusuma.
- Danandjaja, James. 1986. *Folklor Indonesia*. Jakarta: Pustaka Grafitipers.
- Elly. M. Setiadi, D. 2010. *Ilmu Sosial dan Budaya*. Jakarta: Kencana Prenada Media Group.
- Endraswara, Suwardi. 2009. *Metodologi Penelitian Folklor (Konsep, Teori, dan Aplikasi)*. Yogyakarta: Medpres
- Geertz, Clifford. 1992. *Kebudayaan dan Agama*. Yogyakarta: Kanisius Press.
- Herusatoto, Budiono. 2008. *Simbolisme dalam Budaya Jawa*. Yogyakarta: Hanindita Graha Widia
- Fattah, Nur Amin. 1985. *Metode Dakwah Wali Sanga*. Semarang: Bahagia Offset Trikusuma.
- Fauzannafi, Muh. Zamzam. 2005. *Reog Ponorogo Memori di Antara Dominasi dan Keragaman*. Yogyakarta: Kepel Press.
- Kaplan, David. 1999. *Teori Budaya*. Yogyakarta: Pustaka Belajar.
- Koentjaraningrat. 2005. *Pengantar Antropologi II*. Jakarta: PT Rineka Cipta.
- Koentjaraningrat. 2009. *Pengantar Ilmu Antropologi*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Koeswanto. 1998. *Sosiologi Dan Antropologi 2*. Jakarta: Intan Pariwara.
- Kuntowijoyo. 1987. *Budaya dan Masyarakat*. Yogyakarta: PT. Tiara Wacana Yogya.
- Moelyadi. 1986. *Ungkapan Kerajaan Wengker dan Reyog Ponorogo*. Ponorogo: DPC Pemuda Panca Marga.
- Moleong, Lexy. J. 2009. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT Remaja Rosdakarya.
- Najid, M. 2009. *Perubahan Kebudayaan Jawa*. Sidoarjo: University Press.
- Pemda Dati II Ponorogo. 1996. *Pedoman Dasar Kesenian Reyog Ponorogo Dalam Pentas Budaya Bangsa*. Edisi Kedua. Ponorogo: Pemda Ponorogo.
- Purwowijoyo. 1978. *Babad Ponorogo Jilid I*. Ponorogo: CV. Nirbita.
- Purwowijoyo. 1978. *Babad Ponorogo Jilid II*. Ponorogo: CV. Nirbita.
- Shihab. 2004. *Jilbab*. Jakarta : Tri wacana
- Sudikan, Setya Yuwana. 2001. *Metode Penelitian Kebudayaan*. Surabaya: Unesa Unipress bekerjasama dengan Citra Wacana.
- Sukarman. 2006. *Pengantar Kebudayaan Jawa*. Surabaya: Unesa Uniperss.
- Tim Redaksi. 2011. *Al-Bayan Qur'an*. Jakarta: Fokus Media
- Widayati, Sri Wahyu. DKK. 2008. *Ilmu Sosial Budaya*. Surabaya: UNESA University Press.
- Woodward, Mark R. 2004. *Jalan Baru Islam*.
<https://rumaysho.com/1135-hukum-berdoa-dengan-bahasa-non-arab.html> diakses 24 Agustus 2016